

USACE BOSTON CSRM: Fèy Travay pou Kòmantè Piblik



Nou bezwen èd ou! Sipòte pwojè a lè w pataje kòmantè ou yo.

KI MOUN KI KA FÈ KÒMANTÈ?

Nenpòt manm piblik la (moun endividyèl, òganizasyon ak asosyasyon k ap ajè pou manm yo, elatriye) ka soumèt yon kòmantè piblik.

KI OBJEKTIF KÒMANTÈ YO?

Kòmantè yo ka ede bati yon dosye opinyon, enfòm ekip USACE la sou enpak enfrastrikti kont inondasyon kotyè yo ki pa t prevwa, epi demanti oswa konfime sipozisyon USACE te itilize pou prepare etid posiblite li a.

ÈSKE GEN YON DAT LIMIT?

Wi, Vandredi 18 septanm 2026 a 5:00 p.m. EST.

KISA MWEN TA DWE METE?

Vire paj sa a pou jwenn yon fèy travay sou fason pou prepare kòmantè ou. Ede nou reponn kesyon sa yo: Ki enkyetid ou genyen si USACE pa fè anyen? Ki enkyetid ou genyen si USACE konstwi yon bagay?



City of Boston
Climate Resilience

Enskri pou Alèt sou Reyinyon yo,
Rezève yon Lè Biwo, ak plis ankò:
BOSTON.GOV/INONDASYON



PRATIK: PREPARE KÒMANTÈ OU YO!

Entwodiksyon: Ki moun ou ye? Poukisa ou enterese nan pwoteje Boston kont risk inondasyon ki soti nan tanpèt kotyè alavni?

Kontèks: idantifye ki vwazinaj oswa ki pwojè ki enterese w plis.

Enpak ak Opòtinite: Dekri kijan pwojè USACE yo ta benefisye ou menm ak vwazinaj ou. Endike nenpòt chanjman espesifik, rekòmandasyon, oswa rezilta ou ta renmen wè nan patenarya nou k ap kontinye ak USACE.

NOU BEZWEN OPINYON OU

Peryòd Kòmantè Piblik USACE:
24 JIYÈ – 18 SEPTANM 2026

SOU MÈT ISIT LA:

Eskane kòd QR la oswa ale sou:
BOSTON.GOV/INONDASYON

